# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–08 जुलाई 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु वाराणसी में ''मुख्यमंत्री शिक्षक कैशलेस चिकित्सा योजना'' क सुभारम्भ कइलें। येह योजना में मिले वाले पांच लाख रूपिया तक क कैसलेस स्वास्थ्य सुविधा से प्रदेस कै बारह लाख सिक्षक, सिक्षणेत्तर करमचारी आ उनकर आश्रित लाभ पइहें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि विद्यार्थियन के सही राहि देखावल सिक्षक लोगिन क कर्तव्य भइले के सथहीं राष्ट्रीय दायित्वो हवे।

***आपको सामाजिक सुरक्षा की गारंटी, हर एक शिक्षक को भी, शिक्षा मित्र को भी और अनुदेशक को भी एक नई गारंटी दी जा रही है। जिसमें, पहले तो ईश्वर करे कि कोई ऐसी घटना–दुर्घटना ना हो, लेकिन अगर कहीं भी कोई ऐसी स्थिति पैदा होती है, उन स्थितियों में... जिसमें अस्थायी शिक्षक और कार्मिकों को जिनका वेतन 10,000 से अधिक है, उन्हें 10 लाख का ग्रुप टर्म इंश्योरेंस कवर, जिसमें 1 करोड़ का पर्सनल एक्सीडेंट कवर, 1 करोड़ का स्थायी दिव्यांगता कवर, 1.6 करोड़ का एयर एक्सीडेंट इंश्योरेंस कवर के साथ ही किसी अनहोनी की दशा में शिक्षक या कार्मिक के बच्चों की शिक्षा और पुत्रियों के विवाह के लिए भी ऐड ऑन कवर इसमें प्रदान किया जाएगा।***

मुख्यमंत्री अजुये चित्रकूट में नौ सौ एक्यावन करोड़ रूपिया के लागति के कई गो विकास परियोजनन कै लोकारपण आ सिलान्यास कार्यक्रमो में सामिल भइलें।

**********

प्रधानमंत्री कार्यालय अल नीनो के कई गो क्षेत्रन पर सम्भावित परभाव आ तइयारियन क समीक्षा बदे काल्हि एगो उच्चस्तरीय बइठकी कइलस। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क प्रधान सचिव डॉक्टर पी.के. मिश्र के अध्यक्षता में ई बइठकी नई दिल्ली के सेवा तीर्थ में भइल। बइठकी में पनरह से बेसी मंत्रालयन क सचिव आ सीनियर अधिकारी लोगि हिस्सा लिहलें। एगो रिपोर्ट–

***प्रधानमंत्री के प्रधान सचिव ने निर्देश दिया है कि पूरी स्थिति पर लगातार नजर रखी जाए। राज्यों के साथ मिलकर उन जिलों पर मॉनसून या देर से आए मॉनसून के असर का आकलन किया जाए, जो ज्यादा प्रभावित हो सकते हैं, ताकि जरूरत पड़ने पर सुधार के लिए कदम उठाए जा सकें। यह भी निर्देश दिया गया कि चारे की पर्याप्त उपलब्धता सुनिश्चित करने के लिए कदम उठाए जाएं, साथ ही चारे के विकास के लिए योजनाएं बनाई जाएं और राज्यों के साथ मिलकर इस बारे में नियमित निगरानी की जाए। संवेदनशील जिलों में पीने के पानी की पर्याप्त उपलब्धता सुनिश्चित करना सर्वोच्च प्राथमिकता होनी चाहिए। बैठक में इस बात पर भी जोर दिया गया कि समस्याओं का प्रभावी ढंग से समाधान निकालने के लिए मंत्रालयों को राज्यों के साथ मिलकर आपसी तालमेल से काम करना चाहिए। समाचार कक्ष से विवेक सिंह।***

**********

कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहानों अजुये अल नीनो के सम्भावित परभाव के समीक्षा बदे उच्चस्तरीय बइठकी कइलें। पत्रकार लोगिन से बतियावत श्री चौहान कहलें कि केन्द्र सरकार येह बरिस अपरैले में अल नीनो के चुनौती से निपटले क तइयारी सुरू कइ दिहले रहलि। उहां के बतवलीं कि अल नीनो निगरानी प्रकोस्ठ आ नोडल अधिकारियन के जरिया से बोआई, फसिल अउरि बजारि के स्थिति पर लगतारे नजरि रक्खल जा रहलि हौ।

**********

श्रीराम मंदिर के चढ़ावा में कथित हेराफेरी क मामिला के तीनि गो आरोपियन क पुलिस रिमांड आजु से सुरू हो गइल। येही कड़ी में तिन्नो आरोपी– अनुकल्प मिश्रा, लवकुश मिश्रा आ करुणेश पांडेय के आजु हिरासति में पूछताछ सुरू भइले से पहिले चिकित्सा जांचि बदे पुलिस लाइंस ले आवल गइल।

**********

श्री अमरनाथ जतरा बदे आजु एगो नया परामर्स जारी कइल गइल बा। एगो रिपोर्ट–

***जम्मू कश्मीर प्रशासन द्वारा जारी परामर्श के अंतर्गत तीर्थयात्रियों से पंजीकरण प्रक्रिया और सुरक्षा दिशानिर्देशों का सख्ती से पालन करने को कहा गया है। यात्रा के दौरान सर्वोच्च न्यायालय के निर्देशों के अनुसार निर्धारित दैनिक तीर्थयात्री सीमा लागू रहेगी। प्रशासन द्वारा श्रद्धालुओं को सलाह दी गई है कि वे अग्रिम पंजीकरण कराएं और यात्रा केवल अपने परमिट में तय तिथि पर ही करें। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी जिलन में आजु आ बिहने कई जगहिनि पर बरखा आ गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के ओरि से येह दौरान कहीं–कहीं बिजुली गिरले आ भारी बरखो क येलो अलर्ट जारी कइल गइल बा। येह बिच्चे, गोरखपुर के सथहीं पूरबी जिलन में अजुओ सबेरे से असमान में बादर छवले रहल आ रूकि–रूकि के हल्लुकाहे बुन्नी परत रहल।

**********

प्रवर्तन निदेशालय–ईडी क टीमि आजु झांसी के गरौठा विधानसभा क्षेत्र से पूर्व विधायक दीप नारायण सिंह यादव आ उनके सहजोगियन के यहां छापामारी कइलसि। ई छापामारी लखनऊ आ झांसी में एक्के साथे कइल गइल। पूर्व विधायक के खिलाफ दरज एफआईआर के आधार पर ई कार्रवाई कइल गइल हौ।

**********